

Pwogram Prevansyon kont Epatit B Perinatal nan Konte San Diego

PAPYE ENFÒMASYON SOU PARAN/RESPONSAB LEGAL

10/2022

Pwogram Prevansyon kont Epatit B Perinatal nan Konte San Diego (PHPP) fè administrasyon dosye ak sèvis sipò pou manman, ak fanmi, ak founisè medikal nan kominate a, avèk kòm objektif pou anpeche kontaminasyon perinatal, oswa ant manmanm ak pitit, avèk viris Epatit B a.

Pandan ou Ansent:

- Founisè medikal ou ap kòmande **analiz laboratwa** pou gade si ou gen Epatit B
 - ◆ Sa ki rekòmande, se fè tès pou Epatit B a pandan chak gwosès, menm si yo te teste ou deja pandan yon lòt gwosès anvan
- Si nou dekouvre yon fi ansent epi li gen Epatit B, yo pral **enskri** li nan pwogram **gratis** nou an.



Depi ou enskri nan pwogram nou an, men sa ou mèt konnen ki pral rive:

- Yon **kout telefòn** youn nan enfimyè ki administre dosye nou yo ap ba ou
 - ◆ Premye kout telefòn lan: pou mande w enfòmasyon sou moun yo mèt kontakte pou ou, ak sou founisè medikal ou, epi pou ba ou enfòmasyon sou pwogram Epatit B nou an
 - ◆ Apre premye kout telefòn lan: nou pral voye yon **lèt entwodiksyon** ba ou nan lapòs, pou ba ou kèk lòt resous ankò, ak kat vizit enfimyè k ap administre dosye ou
 - ◆ Enfimyè k ap administre dosye ou a pral travay avèk lopital kote ou pral akouche a, ansam ak founisè sèvis pandan gwosès ou pou li sèten ekip medikal ou konnen si ou gen Epatit B, ak pou ekip la pare pou bay tibebe a vaksen li bezwen konsa li fèt
- N ap **ankouraje** w tou pou kontakte doktè prensipal ou, pou konnen si li rekòmande ou wè avèk yon espesyalis pou plis evalyasyon ak/oswa tretman

Apre ou fè tibebe a:

- Pitit ou a pral resevwa **vaksen kont Epatit B AK Globulin pou Iminite kont Epatit B (HBIG, ki vle di "Hepatitis B Immune Globulin")** lè li fèt
 - ◆ Li dwe resevwa toude anvan **12 èdtan pase apre nesans** lan, nan kote ki **separe**
 - ◆ Tibebe a bezwen ni vaksen an, ni HBIG a, pou ede li gen **pwoteksyon** kont Epatit B
- Apre sa, timoun lan ap fin pran yon seri **3 oswa 4 dòz vaksen kont Epatit B** avèk pedyat li
- **Pedyat pitit ou a pral kòmande tès sewoloji apre vaksen (Post-vaccine serology testing, oswa PVST)** konsa timoun lan fin resevwa kantite vaksen li dwe pran nan tan pou li resevwa yo
 - ◆ PVST se yon analiz san ki fèt avèk de (2) tès laboratwa: **Hepatitis B surface antigen (HBsAg, ki vle di "Antijenn sifas pou Epatit B")** ak **Hepatitis B surface antibody (Anti-HBs, ki vle di "Antikò sifas pou Epatit B")**
 - ◆ Laboratwa sa yo ap di nou si pitit ou a gen pwoteksyon kont Epatit B, ak si li pa gen Epatit B
 - ◆ Si pitit ou a pa gen ase iminite, founisè medikal la kapab ba li vaksen ankò avèk dòz siplemantè, oswa mande ànaliz laboratwa ankò

Kontakte nou nan nimewo Telefòn (866)-358-2966 Opsyon 5
oswa nan nimewo Faks 619-692-5677

Adrès elektwonik sekirize: PHS-PerinatalHepB.HHSA@sdcounty.ca.gov



COUNTY OF SAN DIEGO
HHSA
HEALTH AND HUMAN SERVICES AGENCY

LIVE WELL
SAN DIEGO

